Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 18 (7574)
11 апрель
талат
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Хал гьарият

## Группаялъул рейдалъулаб тадбир



29 марталда хасаб графикалда рекъон «Унсоколо район» МОялъул доходнияб бутIаялъул ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIулаб группаялъулаз рейдалъулаб тадбимр тIобитIана районалда. Гьелъул аслияб мурад букIана районалда неформалияб занятость гIодобе ккезаби, территориялда, ай Генуб заманаялъулаб поселокалдаса бахъараб Шамильхъалаялде щвезегIан коммерческиял организациязул инвентаризация гьаби, предпринимательствалъул ишалда гIахьаллъулезул налогалъул органазда данде кколеб хъвай-хъвагIай бугищали хал гьаби, захIматалъул къотIи-къаязул хал гьаби, ракьул участкабазе хIалтIизабизе ихтияр бугищали, капиталиял бакIал раялъул, гьединго ракьулгун шагьарал раялъул закон цIуниялъул рахъалъги бугеб ахIвал-хIал лъазаби. ХIалтIулаб группаялде гьоркьоре рачун рукIана ОВДялъул, налоговияб инспекциялъул ва цогидалги рахъазул специалистал.

Рейдалда хал гьаруна гIиси-бикъинаб бизнесалъул I5 объ-ект. Гьеб унаго баянлъана хал гьаруразул кIиго объект налоговияб балансалда хъвай-хъвагIайги гьабичIого хIалтIулеб букIин. I5 хал гьабурал объектаздасан киналго хIажатал документал, ай налогазул органазда хъвай-хъвагIай, ракьул участкаялъе ва бараб бакIалъе хIалтIизабизе ихтияр батана гIицIго Унсоколоса ГIабдулхIажиев ХIусен Зайнудиновичасул. ХIалтIулаб группаялъ бихьизабуна бицен гьабулел бак1азда хIалтIухъабазулгун хIалтIулал къотIи-къаял хъвазе ва контролиябгун кассовияб техника лъезеги.

Гьединалго рейдалъулал тадбирал группаялъ тIоритIи районалда жеги халат рахъине руго.

АТКялъул данделъи

## АхIвал-хIал гIодобе биччараб буго

Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана «Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул заседание. Гьеб бачана муниципалитеталъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадовас.

Къойил темаялде росун рукIана гьал хадусел суалал:

I. Улкаялда бугеб оперативияб ахIвал-хIал лъазаби, диверсионниял ишаздаса объектал цIуни, киса-кирего терроризмалде данде чIарал къагIидаби хIалтIизариялъе цIуниялъулаб хIалтIулъ ругел гIунгутIаби лъугIизари, гьединал ишал ккеялъе ругел гIиллаби лъазари».

2. РДялъул АТКялъул, НАКалъул ва «Унсоколо район» МОялъул хIукмаби тIуразариялъул иналъул»,-абурал суалал.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьабсагIаталда районалда общественниябгун политикияб ахIвал-хIал гIодобе биччараб ва хадуб хал ккун бажарулеб бугин.



Данделъиялда докладгун кIалъана муниципалитеталъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов. Гьес бицана гIагараб заманалда хасал планазда рекъон гьарурал хIалтIабазул. Комиссиялъ хIисабалде росана гьоркьор лъурал суалаздасан гьабураб информация ва данде кколеб хIукму къабул гьабуна.

## Чияраб бичIчIи букIунгутIизе



29 марталда дандчIвай букIана «Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул секретарь М. ХIамзатовасул, Россиялъул ОВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул ва рухIияб гIумроялъул вакилзабазулгун. Аслияб мурад дандчIваялъул букIана диниял бакIазда цIалулел цIалдохъабаз несанкционниял митингал гьарун, гIадамал тIаде рахъинари букIунгутIи.

ГьабсагIаталда гьеб рахъалъ бищунго квердаса ине бегьулеблъун ккола гIолохъанаб гIел, гьезда гьоркьоб бигьаго бекьизе кIола гIумроялдехун радикалияб бербалагьи ва гьелда божилъи. Гьелъие гIоло къватIиселгун жанисел къуватаз политикиял мурадазе гIологи пайда босула кидаго гIолилаздасан. Гьезда гIемерго бичIчIун букIунаро хIакъикъаталда бугеб ахIвал-хIал, гьелъ рачине бегьула бищунго захIматал ахIвал-хIалазде,-ян бихьизабуна дандчIваялда.

Ахиралда данделъаразул кIвар буссинабуна гIолеб гIелалда гIемерисеб мехалъ, хасго динияб лъай босулезулгун гьабулеб бичIчIи кьеялъул хIалтIи кутаклъизабизе ккеялде.

Рамазан: мажлис

## Районалда - ифтар

8 апрелалъул бакъанида районалъул администрациялъул майданалда букIана Унсоколо районалъул ифтар. Исана гьелъул финансовияб рахъ тIаде босана РДялъул Правительствалъул председатель Абумуслим Абумуслимовас. Хирияб моцI кIодо гьабулеб ифтаралда гIахьаллъана РДалъул правительствалъул пред. А. Абдулмуслимов, Дагъистаналъул муфтияталъул муфтиясул заместитель АхIмад МухIамадов, ракьазул суалазда хурхун министрасул вице-премьер Заур Эмиров, «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул районалдасан вугев депутат МухIамад МухIамадов, районалъул имам МухIамад ГIабдулвахIидов, РДялъул муфтияталъул полпред МахIмуд Думалаев, исламиял гIелмабазул хIалтIабазул рахъалъ доктор ГIазимухIамад Абакаровги.

**(Ахир 4 гьумералда)**



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 18 (7574)
талат
11 апрель 2023 сон

2 гьумер

I4-I5 апрелалда Дагъистаналда букIине буго Халкъазда гьоркьосеб руччабазул экономикияб форум. Гьениб гIахьаллъи гьабизе буго 500 гIан бизнесалдаса ва политикаялдаса Россиялъул регионаздасаго руччабаз.
Форум гIуцIун буго Дагъистаналъул «Опори России» республикая лъул отделениялъ ва Дагъистаналъул руччабазул сообществалъ.



Шапакъатал

## Баркула – тIадегIанаб шапакъат!



Гьал къоязда нилъер республикаялде хIалтIуе лаб сапаргун рачIун рукIана «Единая Россия» генсоветалъул секретарь Андрей Турчак, лъай кьеялъул министр Сергей Кравцов ва оборонаялъул министрасул зам. Тимур Иванов. Сапаралда рукIаго Дагъистаналъул бетIер С. Меликовгун цадахъ гьел щвана Россиялъул БахIарчи А. И. ИсмагIиловасул цIаралда бугеб № 28 Гимназиялде. Гьенир гара-чIварана педагогалгун, лъималазе захIматалъул нухда тIоритIиялъе лъай кьолаго педагогазе кьуна шапакъатал.

Гьезда гьоркьой йиго Унсоколоса районалъул байбихьул классазул ассоциациялъул пред. байбихьул классазул учительница, Унсоколо гьоркьохъеб №1 школалъул цIалул рахъалъ директорасул зам. ГIалиева Нажават ХIамзатовнаги. Гьелъие Дагъистаналъул БетIерасул Указалдалъун кьуна «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай учитель»,- абураб хIурматияб цIар.

Нилъер районалъулгун республикаялъул лъималазул цIалул качествоги борхизабулаго 32 гIан соналъ педагоглъиялъул налъи ракI бацIцIадго тIубазабулеб буго Нажават ХIамзатовналъ. Гьей ккола педагогикиял гIелмабазул кандидат, РФялъул лъай кьеялъзул мустахIикъай хIалтIухъан, Президентасул гранталъул лауреат, «Россиялъул мисалиял учительзбазул конкурсалда бергьарай, руго РДялъул лъай кьеялъул Министерствалъул ва РДялъул Тахо Годил цIех-рехазул институталъулги гIемерал грамотаби, Баркалаялъул кагътал. Гьелъул хIалтIул лъазабуна республикаялъул лъаялъул управлениялда, гьеб лъун буго ДИРО сайталъул «Лучшие учителя республики Дагестан» банкалда.

Нажават ГIалиевалъ гIемерал саназ бухьен ккун буго ва цадахъ хIалтIулей йиго Тахо Годил ДНИИПгун –учитель эксперментаторлъун ва гIелмияй хIалтIухъанлъун.

РакI-ракIалъ баркула Н. ХIамзатовналда мустахIикъаб шапакъат. Гьарула хадурккунги рорхалъабазул бергьенлъаби, аслияб жо щулияб сахлъи ва рухIияб къуват, талихI ва бетIералда тIад роцIцIараб зоб!
ЧIухIула дудаса!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Гьоркьоб лъолеб буго авар мацIалъул суал

# БитIараб суал борхулеб буго

Дун гьаб макъала хъвазе тIамуна дагьаб цебегIан «Ахихъан» газеталда бачIараб, «Лъималазда малъизе ккола рахьдал мацIалъул кьучI»,- абураб МухIамадхIажи АхIмадовасул ракI унтараб суалалъул хIакъалъулъ хъвараб материал.

ХIакъикъаталдаги гьас борхараб суал ккола киназего хIажатаб ва кIвар бугеб жив-жив чи тIад урхъизе кколеб суал. Нилъее бокьула магIарулал ругилан абизе, ай чIухIизегицин бачIуна гьелдаса, щайгурелъул гьеб миллаталъул халкъ Дагъистанаялда цIик1к1араб бугелъул.

РачIаха жакъа къоялда магIарул, ай рахьдал мацIалъул бугеб ахIвал-хIалалъул хал гьабизин.

Хасго СССР биххун хадуб дунялалдаго киса-кибего киналго бутIабазда ккана хиса-басиял. Рикь-рикьана улкаби. Багъа-башариял гIемерлъана. Тунка-хIусиял цIикIкIана. Дагъистаналдаги ккана гIемерал хиса-басиял.

МугIруздаса гIемерал гIадамал гочана гIатIиракьалде, хасго шагьаразде, гьабсагIатги унелги руго, рукIа-рахъин халкъалъул цебетIуна, техника, телефонал, телевизорал гIемерлъана.

Эбел-инсуе жиндерго лъимер жидедасаго бокьула. Гьелъ эбел-инсуца хIаракат бахъула гьезие кинабго лъикIаб щинаб чIезабизе. Базаралъулаб гьаб заманалда пачалихъазда цебесеб бакIалда лъола гIарац ва улкаялъул мацI, бакIазда абуни рахьдал мацI хутIула кIвар гьечIеблъун. Гьелда сверун нилъги руго кьурдулел. Ясли-ахаздасан байбихьун гIурус мацIалъ гурони кIалъалелги гьечIони, рокъобги эбел-эмен гIемерисеб мехалъ гьебго мацIалъ кIалъалел ругони, школаздаги 2-3 дарс гурони анкьида жаниб гьечIони, телефоналги кодоре кьун гьел тани, кинанха эзда магIарул мацI лъалеб?

Дида ккола гьеб киналъего гIайибиял эбел-эмен ругилан. Чан эбел-инсуца газетал хъвалел, цIалулел, лъималаздасан гьеб тIалаб гьабулеб. Нилъ ругьунлъун руго, нилъеда го хъвачIого гьабулеб иш цогидаз гьабизе. Жив-живас жиндидего суалги жинца щиб гьабулеб бугеб магIарул мацI цIуниялъе-, ян ракIалде ккечIони, узухъда мацIги дагь-дагь ккун лъугIила, миллатги тIагIине рес буго. Дун цIалулеб мехалъ гьаниб Унсоколо школалда къадал газета букIана «ГIолохъанаб гьаракь», абун, гьениб лъолаан школълъималазул кучIдул, гьел нахъеги цIунулаан, газетазде макъалаби хъвазе малъулаан. КъанагIат рихьула «Ахихъан» газетелъул гьурмаздасан лъималазул кучIдул ва макъалаби. Гьеб кинабгоги бичIун-лъан, букIун батила жиндир мунагьал чурун ратаяв, дунялалдаго жив лъалев Расул ХIамзатавас гьал машгьурал рагIаби абурал: **«Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун»**- абун.

Гьанже гьадинал гIиллабиги руго магIарул мацI кIоченалъе. МагIарулас ячуней йиго батIияб миллаталъул яс, ялъуни магIарулай уней йиго цогидаб миллаталъуласе, гьеб мехалъ гъол кIалъазе руго аслияб куцалъ гIурус мацIалъ. Дица гьаниб рехселин дирго цо гьитIинаб мисал:

Дир васасул хъизан ккола лъарагIай. Гьезул буго 4 лъимер, кIиго васги, кIиго ясги.



Бищун кIудиясда лъала лъикI магIарул мацI, ясалдаги дагьабго лъала. Хадусев 2 кл. вугесда лъалароан. Гьанже дица малъун тIадчIун лъазабулеб буго эсда мацI. Как-дин малъана, I00-ялде щвезегIан рикIкIине малъана, цо-цо рагIабиги малъулел руго, хIарпал малъула. Гьединг1аги гьабичIони дица бицунеб бугелъул щиб ккелеб? Бицине ругьунлъун руго гIемерисел, амма жидецаго щиб гьабулеб бугеб,-ян ургъулел гьечIо.
Аллагьас къуват кьеги бицунебги гьабулебги данде ккезабизе.

**Сулейман МухIамадов,**
**«Ахихъан» газеталъул штаталда гьечIев мухбир.**

## ЦIуне магIарул мацI!

Тушбабазде данде цолъун къеркьезе
ВатIан хирияца ахIи бараб мацI,
Надир-шагь чучIизе г1андаллъиялде
ГIадамал ахIизе хIалакараб мацI.
МагIарул мацIалда кIалъайги гьабун
КIудияв ГIумахан чабхъад унаан,
Чияр ракь бахъулел хъамалчагIазда
АхIиги бан кьаби щвезабулаан.
Кавказалъул рагъул заманаялда
Кьварараб гьаракьгун, борхун бетIергун,
БацIцIадаб, роцIараб магIарул мацIалъ
КIалъалаан имам мюридзабигун.
ХIажимурадица чодаги рекIун
Лъалиниса кватIиб хвалченги бахъун,
Чан нухалъ ахIараб авар мацIалда
«Дида хадур рахъа тушман хъамизе»!
«Нахъе къагейилан» магIарул мацIалъ.
Наиб Ахъбердилас гурищ ахIараб,
Доба АхIулгохIда тушманзабазул
Къали бухулесул бетIерги къотIун.
ЦIадаса ХIамзатгин, Тажудин-ЧIанкIа
Щиб мацIалъ кIалъарал магIарулазда?
ПасихIав МахIмудил рокьул асарал
Авар мацIалъ гурищ нилъгун чучарал.
МахIач Дахадаев, Муслим Атаев
БахIарзал рукIана кIочон толарел,
ВатIаналъе гIоло рухI кьун холелъул,
Ахирисеб хIухьел – авар мацIалда.
ТIолго дунялалда жив машгьурлъарав
Расул ХIамзатовас авар мацIалда
Хъванцинал асараз цебетIун ана
Адабият нилъер Дагъистаналъул.
Фазу ГIалиевалъ рахьдал мацIалда
Хъварал асарица ракIал цIилъана,

Исламалъул хIуби, Аллагьасул лагъ
Миллат-мацI кIочарал магIарулазе
Мисаллъун хутIана СагIид-Апанди
Маг1арул мац1алда асаралги хъван.
Умумаз нилъее ирсалъе тараб
ЦIуне, магIарулал, нилъер рахьдал мацI!
КIочене биччаге, чорок гьабизе,
БацIцIадаб, бечедаб эбел-инсул мацI!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**
**Гъизилюрт шагьар.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 18 (7574)
талат
11 апрель 2023 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



Наши личности: 141 летию со дня рождения М. Дахадаева

# Легендарный Махач - первоклассный специалист

Родился Махач Дахадаев 2 апреля 1882 года в семье кузнеца в с. Унцукуль Унцукульского района.

После успешного окончания Хунзахской русской начальной школы, по рекомендации ее директора, он поступил на подготовительное отделение Темир-Хан-Шуринского реального училища. В училище, где за редким исключением, учились дети князей, беков, офицеров и торговой буржуазии. Они верховодили в училище, щеголями друг перед другом знатностью рода, богатством родителей, пренебрежительно относились ко всем, кто был по происхождению. Именно в этой обстановке Махач до конца осознал пропасть, разделяющую богатство и бедность, родовитость и не родовитость, начал формироваться, как общественно-политический деятель.

И здесь Махач учится хорошо. Проявляет интерес к технике, изобретательству, черчению и рисованию. На конкурс ученических работ он представил оригинальную конструкцию паровоза и занял на нем призовое место. Еще один пример; Темир-Хан-Шуринское реальное училище приняло участие в конкурсе ученических рисунков, объявленном Академией художеств России: из 200 работ, рассмотренных специальной комиссией, лишь три заслужили грамот Академии, в их числе и работа Махача. Эти и другие факты «училищной» жизни одаренного юноши свидетельствуют о том, что к выбору своей будущей профессии инженер Махач Дахадаев шел сознательно и по призванию.

В 1900 году, успешно окончив реальное училище, он, выдержав конкурсные экзамены, поступает в Петербургский институт путей сообщения императора Александра I.

В Петербурге, где у Махача появились огромные



возможности для усовершенствования своего образования – и политического и профессионального обнаруживается стремление к глубокому изучению математики, архитектуры, механики, железных дорог, мостостроения и др.

Петербург – столица Российской империи, крупнейший политический, экономический и культурный центр мира- производит на Махача (18 лет) огромное впечатление.

С жадностью молодой горец ищет отваги на общественные запросы, с которыми он сталкивался еще в Дагестане, изучает общественные науки и философию. В итоге Махач получил возможность приобщиться к европейской культуре и научной мысли, к достижениям современной цивилизации.

Окончил Махач Дахадаев Институт путей сообщения в числе лучших студентов, с блестящими знаниями. На выпускных экзаменах он получил следующие баллы:

Мостостроение –«5»
Инженерное искусство – «4,5»
Водные сообщения – «5»
Портовые сообщения- «5»
Гидротехника –«5»
Строительная механика –«4,5»
Геодиз –«5»
Дипломные проекты его были оценены:
Архитектура-«5»
Мосты-«4»
Железные дороги – «4,5»
Практическая механика-«5»

Следовательно, Махач Дахаев окончил институт с блестящими знаниями и выпущен из него первоклассным специалистом, а при поступлении на государственную службу он имел право на чин коллежского секретаря (Гражданский чин 9 класса).

Отсюда следует, что он был не только общественно-политическим деятелем и революционером, но и классным специалистом в своей области.

С его смертью, а убит он был, когда ему было всего лишь 36, мир потерял прекрасного специалиста, одного из немногих образованных прогрессивных и ярких личностей в истории Дагестана XX века, внесший значительный вклад в будущее Дагестана.

## Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «село Ашильта» в лице зам. главы Магомедова М.А. сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявление о договоре аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 09.00 часов 24.04.2022 до 14.00 часов 23.05.2023года (включительно) в Администрацию МО «село Ашильта» по адресу РД Унцукульский район с.Ашильта, Ул. Багадура Малачиханова №-6.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: ЗУ-1 кадастровым номером: 05:35:000020:313 площадью 17853 кв.м. с арендной стоимостью, установленный ООО «Институтом профессиональной оценки» - 3889 руб. в год, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ашильта.

Справки по телефону; 89896523941.

**Алиев С. А.**
**Глава администрации МО «село Ашильта»**

## РАСПОРЯЖЕНИЕ

от «01» Марта 2023 г. № 11

Об объявлении публичных слушаний об изменении вида разрешенного использования земельного участка На основании заявления Алиевой Ш.А. объявить публичные слушания об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:35:000007:1175 площадью 2300 кв.м. по адресу Республика Дагестан, Унцукульский район, село Ирганай, с ЛПХ на Туристическое обслуживание. Код по классификатору 5.2.1.

Назначить публичные слушания в здании администрации МО «село Ирганай» по адресу с. Ирганай ул. Имама Шамиля №64, 31.03.2023г. в 10ч. 00мин.

Обнародовать извещение о публичных слушаниях в районную газету «Садовод» и официальный сайт МО «село Ирганай».

**У. Х.Джамалудинов**
**Глава администрации МО «село Ирганай»**

## Извещение о публичных слушаниях об изменении вида разрешенного использования земельного участка

В соответствии с «Градостроительным кодексом Российской Федерации» от 29.12.2004 № 190-ФЗ. ГрК РФ Статья 5.1. Общественные обсуждения, публичные слушания по проектам генеральных планов, проектам правил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам решений о предоставлении разрешения на условно разрешительный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, Администрация МО «село Ирганай» в лице главы Джамалудинова У.Х. сообщает о проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:35:000007:1175 площадью 2300 кв.м. с ЛПХ на туристическое обслуживание, расположенный по адресу РД Унцукульский район, с. Ирганай.

Слушания пройдут в здании администрации МО «село Ирганай» 31.03.2023г в 10 часов 00 минут. Справки по телефону: 89634083506

**Глава МО «село Ирганай»**
**У. Х. Джамалудинов**

Рамазан

# Мунагьал чурулеб моцI




Аллагьас рамазан моцIалъ кIалкквей тIад гьабуна аварагас гьижра гьабун хадуб кIиабилеб соналъул шагIбан моцIалъ. КIал кквеялдеги БетIергьанас бусурбаби, ислам тIибитIулеб заманалда, дагь-дагьккун рачана. Щайгурелъул, кIалкквей буго инсанасул напсалъе цIакъ захIматаб, жиндирго шагьваталдаса нахъчIвалеб ва ругьунаб ишалдаса тIезавулеб жо.

КIал кквеялъ чиясулъ куцала сабру, къвакIи,кьураб къотIи тIубай. Инсанасулъ цIикIкIинабула гурхIел. Дагьаб заманалъгIаги ракъиги къечги лъарасда ракIалде щола минскин-пакъир, даимго хIажалъиялда ругел гIадамал. гьезул хIал бичIчIидал, гьезие бажарараб кумек гьабизе хIаракатги бахъула.

Камилаб кIалкквей букIунаро гIицIго ракъи ва къеч хIехьеялдалъун. КъваригIуна жанисанги тIасанги хьул лъолеб жоялдаса цIуни. КIалкквей буго напс квегъи, чороклъиялдаса ракI бацIцIад гьаби,нилъер рижиналдасаго аслияб мурад – Аллагьасукьа хIинкъиялде, Гьесие гIибадат гьабиялде рачин. БетIергьанас КъурIаналда абун буго: магIна «Гьедин гIибадат гьабуни, нуж Аллагьасукьа хIинкъи бугеллъун лъугьина, - ян (суратул Бакъара, 2I аят).

Аллагьас тIаде босун буго кIал ккуразе цIикIкIинабун кири хъвазеги. Ибну Мажагьица бицараб хIадисалда буго: «Адамил лъимералъул цо лъикIаб гIамал анцIгоялде ва жеги анкьнусгоялде щвезагIан бахинабун хъвала»,- ян. «КIалкквеялъул хIакъалъулъ Аллагьас абун буго. КIалкквей Дие буго. Гьелъие жазаъги Дицаго гьабила»,- ян.

Рамазан буго сабруялъул моцI, сабруялъухъ щолеб кириги алжан буго. Гьаб буго цоцазе хIалае рахъиналъул, хIажатазул мурадал тIураялъул моцI. Гьаб моцIалда жаниб кIал биччазе нигIмат кьурасеги щола кIал ккурасего гIадаб кири. Гьаб буго жиндир авал рахIматлъун, бакьулъ бакI – мунагьал чурилъун, ахир – жужахIалдаса тархъилъун бугеб моцI. Гьалъулъ алжаналъул каваби рагьула, жужахIалъул кьала. ДугIа-алхIамалъе жаваб щола,ракIал цолъула,вацлъи щулалъула, рахIматал рещтIуна.

Я Аллагь! Дуца нижее насиб гьабе гьаб моцIалъул гIибаталда заман тIобитIи, кIиябго рукъалъул талихI батулелда гIамал гьаби ! Амин!

**МухIаммадгариф Къурбанов**

# Ифтаралде хIадурлъи

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь райадминистрациялда букIана данделъи. Гьенир гIахьаллъана росабазул бутIрул, школазул директор, ясли-ахазул заведущиял.

Данделъиялда аслиял суалаллъун рукIана: районалъул централда гьал къоязда тIобитIизе бугеб ифтаралъул, захIматал бакIазда хассаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе кумек-кверчIай гьабиги.

Данделъи рагъулаго ГI. НурмухIамадовас ракIаразе салам кьуна, гьес лъай-хъвай гьабуна ифтар тIобитIиялъе бугеб гIуцIиялъул комитеталъул рихьизариязулгун, гьенибго бихьизабуна районалда гьеб ифтар тIобитIулеб бугин Правительствалъул пред. Абулмуслим Абулмуслимавас.

Гьенибго Ж. Шамсудиновас данделъаразда бицана Украиналда унел рагъулал ишазе кумекалъе районалда гIуцIун бугеб «Щит» кумек – кверч1ваялъул фондалъул. Унсоколо районалъул имам М. ГIабдулвахIидовас ракIаразда баркана Рамазан моцI бачIин, гьединго баркала загьир гьабуна районалъул бетIерасе ифтаралде гьабулеб хIадурлъиялъухъ.

# Районалда - ифтар

Ифтаралъул исламалда бугеб кIваралъул бицун къокъабго кIалъайги гьабун, мажлис рагьана А. Абулмуслимовас. Гьес кIалъалаго тIадчIей гьабуна Унсоколо районалда рахъарал имамзабаздагун диниял хIаракатчагIазда, бихьизабуна кидаго Унсоколо район Дагъистаналъул гIумро-яшавалъулъ хIаракаталлъун рукIанин.



Дагъистаналъул ва районалъул рухIияб ахIвал-хIалалда тIадчIей гьабун кIалъана муфтиясул зам. А МухIамадов. Гьес жиндирго ва республикаялъул БетIерасул рахъалдасан данделъаразда баркана хирияб моцI бачIин, бихьизабуна гьеб бугин лъикIаб ва хIакъикъиябщиналъул моцI,-абун. Мажлисалда кIалъазе рахъана киналго гьалбал. Ахиралда тадбиралда рачIаразе баркала загьир гьабуна ва хирияб моцIалъ гьабураб гIамал къабуллъиялде гьаригун кIалъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов.

Кваназе майданалда санагIатал бакIалги гьарун, гIемераб квен-тIехгун байбихьараб мажлисалъе санагIатбахъи ккана цIад баялъ. Кин бугониги гьеб ана гIемерал нигIматаздалъун кIалги биччан, нашидазул панаяб гьаракьалда гъоркь.

# ТамихIалде цIарасулгун гара – чIвари



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас профилактическияб гара- чIвари гьабуна ХарачIи росулъа терроризмалъулаб рахъалъул такъсир гьабун, тамихIалде цIан вукIарав ГIабдурашид АхIмадовичасулгун. Гьениб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул АТКялъул бетIерав специалист Ж. МухIамадгIалиевичас ва хIисаб-суалалъул палатаялъул нухмалъулев ГI. Насрудиновас.

Аслияб мурад гьеб тадбиралъул букIана районалда закон ва гIадлу буголъи щула гьаби. Гьенибго М. ХIамзатовас бихьизабуна данчIваялъул лъикIаб хIасил кканин ва баркала загьир гьабуна дандчIваялда гIахьаллъаразе.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 4. 11. 2023 г. 16. 20
фактически -17. 50 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.